दिन–रविवार दिनांक–24.08.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————

मतदाता सूची मे सुधार मे मददि के लेल बारह टा मान्यता प्राप्त राजनीतिक दल केँ चुनाव आयोग आइ सँ नोटिस पठेनाई शुरू कऽ देलक अछि। एहि मे छओ टा राष्ट्रीय दल आओर छओ टा राज्यस्तरीय दल शामिल अछि। सुप्रीम कोर्ट बिहारक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी के नोटिस जारी करबाक जिम्मेदारी देलक अछि। निर्वाचन विभाग के अधिकारी केँ अनुसार उच्चतम न्यायालय द्वारा ड्राफ्ट मतदाता सूची मे छुटल नाम केँ सुधारक लेल निर्देश देलक अछि। आयोगक अनुसार मान्यता प्राप्त राजनीतिक पार्टी सभ लगभग एक लाख साठि हजार बीएलए नियुक्त कयलनि अछि।

———————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आओर लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी आरोप लगौलनि जे मतदाता सूची के गहन पुनरीक्षण के नाम पर मतदाता सभ सँ अधिकार छिनबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। वोटर अधिकार यात्रा के तहत अररिया मे संवाददाता सभ सँ गपशपक क्रम मे श्री गांधी कहलनि जे हुनक पार्टी आओर गठबंधन लोकक मताधिकारक रक्षा करत। वोटर अधिकार यात्रा मे राजद नेता तेजस्वी यादव, भाकपा–माले केँ दीपांकर भट्टाचार्य आओर वीआईपी के मुकेश सहनी सेहो छथि।

———————————————————————

मानसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक अधिकतर भाग मे वर्षाक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसार पिछला चौबीस घंटा के दौरान रोहतास मे सभ सँ बेसी एकासी दशमलव दू मिलीमीटर बर्षा दर्ज कयल गेल। विभाग द्वारा आइ कैमूर, रोहतास, गया आओर किशनगंज जिला मे किछु जगह पर भारी वर्षाक अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, राज्यक अधिकांश भाग मे मेघगर्जन, वज्रपात आओर तीस सँ चालीस किलोमीटर के रफ्तार सँ तेज हवा चलबाक पूर्वानुमान अछि।

———————————————————————

भारी बरखा के कारणें राज्य सँ होयत जायबाली गंगा, गंडक, बागमती समेत कतेको नदी के जलस्तर मे बढ़ोतरी दर्ज कयल गेल। केन्द्रीय जल आयोगक रिपोर्ट के अनुसार गंगा नदी के जलस्तर बक्सर, पटना के दीघा घाट, गांधी घाट आओर हाथीदह आओर मुंगेर मे एक बेर फेर सँ बढ़ि गेल अछि। पटना मे विभिन्न स्थान पर गंगा नदी खतरा के निशानक करीब अबि गेल अछि।

———————————————————————

केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री नित्यानंद राय आइ मधुबनी जिला मे राजनगर आओर जयनगर मे आयोजित कार्यक्रम मे सशस्त्र सीमा बलक नओ सीमा चौकी कैं उद्घाटन कयलनि। एहि मे गणगौर, झलौन मे लोकार्पण कयलनि संगहि, खौना, उसराही, डिगियाटोला, मतनाजी, नारी, नेओर आओर कन्हौली ऑनलाईन माध्यम सँ उद्घाटन कयल गेल। एहि अवसर पर सशस्त्र सीमा बलक महानिदेशक अमृत मोहन प्रसाद, महानिरीक्षक सीमांत पटना श्री निशीत कुमार उज्ज्वल सेहो उपस्थित रहथि।

———————————————————————

दरभंगा जिलाक अलग–अलग थाना क्षेत्र मे डुबय सँ छओ गोटेक मृत्यु भऽ गेल। गौरा बौराम के कसरौल बसौल गाम मे बेलाही धार मे नहेबाक दौरान डुबय सँ तीन टा बच्चा समेत चारि लोकक मृत्यु भऽ गेल। ओतहि कमतौल थाना क्षेत्रक बड़की लाधा गाम मे एक गड्ढ़ा मे डुबय सँ एक टा बच्चा के मृत्यु भऽ गेल। एम्हर जिला के सिंघबारा प्रखंड अंतर्गत सीमरी कैं मोगलाहा टोला मे पानि भरल गड्ढ़ा मे डुबय सँ एक टा मजदूर कैं मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————————

पटना के गांधी मैदान मे छब्बीसवां दिव्य कला मेला के आयोजन कयल जा रहल अछि। मेला मे देशभरि के दिव्यांग उद्यमी आओर कारीगर के शिल्प कलाक प्रदर्शन कयल जा रहल अछि। ई मेला एकतीस अगस्त तक चलत।

———————————————————————

राज्यभवन मे एक भारत श्रेष्ठ भारत के अवधारणा के तहत आइ केरल कैं प्रमुख त्योहार ओणम मनाओल गेल। एहि अवसर पर राज्यपाल आरफि मोहम्मद खां मलय समुदाय सँ जुडल लोक सभक संग पाबनि कैं खुशी मनौलनि। श्री खां पहिने केरल के राज्यपाल रहि चुकल छथि।

———————————————————————————————

शिवहर के समाहरणालय भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे शिक्षा विभाग द्वारा अनुकंपा के आधार पर विद्यालय लिपिक आओर परिचारी कँ पद पर चयनित उनतीस अभ्यर्थी सभ कँ नियुक्ति पत्र प्रदान कयल गेल।

———————————————————————————————

समाप्त